



Pou Piblikasyon Imedya: 07/05/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRAM VAKSINASYON ETA A

Yo te administre 161,388 dòz nan dènye 24 èdtan yo

Yo te administre plis pase 1 milyon dòz pandan sèt jou pase yo

Tablodbò Vaksen an te mete ajou chak jou sou pwogram vaksinasyon eta a [isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogram vaksinasyon Eta a. Yo te administre 161,388 dòz nan tout gwo rezo distribisyon Eta a nan dènye 24 èdtan yo, epi yo te bay plis pase 1 milyon dòz nan sèt dènye jou yo.

"New York te aji byen antanke yon gwoup entelijan, ini pandan tout pandemi an, epi akòz nou toupren limyè ki nan fen tinèl COVID sa, nou dwe kontinye travay ansanm," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Founisè nou yo ap travay san rete pou bay kantite vaksen ki posib nan bra yo, epi antanke yon sosyete, nou tout dwe fè pati pa nou epi vaksinen, paske vaksen an ap fonksyone sèlman si nou tout pran li. Annatandan, li enpòtan pou Nouyòkè yo rete vijilan epi pratike enstriksyon sekirite nou konnen ki fonksyone yo pou stope pwopagasyon an."

Tout sit vaksinasyon an mas Eta New York yo ouvri kounye a pou Nouyòkè yo ki elijib pou vaksinasyon san randevou sou baz ke se moun ki vini an premye yo ke y ap sèvi anvan. Vizit san randevou yo rezève pou premye dòz yo sèlman epi dezyèm dòz yo dwe pwograme otomatikman apre administrasyon premye piki a. Anplis, yo ankouraje tout founisè vaksen yo pou pèmèt vizit san randevou pou Nouyòkè ki elijib yo. Moun ki ta preferè fikse yon randevou nan yon sit vaksinasyon an mas eta a jere ka fè sa sou [Am I Eligible App](#) (Aplikasyon Èske Mwen Elijib) oswa lè yo rele 1-833-NYS-4-VAX. Moun yo ka kontakte depatman Sante Lokal, famasi, doktè oswa lopital yo tou pou fikse randevou kote vaksen yo disponib, oswa vizite [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov) pou jwenn enfòmasyon sou randevou vaksen ki toupren yo.

REPATISYON NAN TOUT ETA A

Total dòz yo administre - 16,395,758

Dòz total yo administre pandan 24 èdtan pase yo - 161,388

Dòz total yo administre pandan 7 jou pase yo - 1,006,232

Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran omwen yon dòz vaksen - 59.4%

Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki gen seri vaksen yo konplete - 47.0%

Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen - 47.7%
 Pousantaj nan tout Nouyòkè ki gen seri vaksen yo konplete - 37.5%

| | Moun ki gen omwen yon dòz vaksen | | Moun ki gen seri vaksen yo konplè | |
|------------------|----------------------------------|-----------------------------------|-----------------------------------|-----------------------------------|
| Rejyon | Kimilatif Total | Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan | Kimilatif Total | Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan |
| Capital Region | 562,322 | 2,763 | 453,074 | 9,316 |
| Central New York | 458,968 | 1,944 | 394,931 | 3,929 |
| Finger Lakes | 575,180 | 2,696 | 472,139 | 8,303 |
| Long Island | 1,222,828 | 7,184 | 926,352 | 12,248 |
| Mid-Hudson | 1,010,258 | 5,566 | 772,580 | 13,435 |
| Mohawk Valley | 225,239 | 854 | 189,432 | 2,073 |
| New York City | 4,351,533 | 24,518 | 3,363,631 | 59,183 |
| North Country | 208,010 | 700 | 186,481 | 709 |
| Southern Tier | 298,521 | 1,052 | 250,573 | 2,736 |
| Western New York | 613,499 | 3,037 | 480,422 | 6,618 |
| Nan tout Eta a | 9,526,358 | 50,314 | 7,489,615 | 118,550 |

| | 1ye dòz yo livre konplètman bay Founisè New York yo | 2yèm dòz yo livre konplètman bay Founisè New York | TOTAL | KIMILATIF |
|---|---|---|---------|-----------|
| Semèn 1 Dòz k ap vini nan dat 12/14 - 12/20 | 163,650 | 0 | 163,650 | 163,650 |
| Semèn 2 Dòz k ap vini nan dat 12/21 - 12/27 | 452,125 | 0 | 452,125 | 615,775 |
| Semèn 3 | 227,395 | 0 | 227,395 | 843,170 |

| | | | | |
|---|-----------|---------|-----------|----------|
| Dòz k ap vini nan dat 12/28 - 01/03 | | | | |
| Semèn 4 Dòz k ap vini nan dat 01/04 - 01/10 | 239,025 | 165,150 | 404,175 | 1,247,34 |
| Semèn 5 Dòz k ap vini nan dat 01/11 - 01/17 | 221,315 | 119,925 | 341,240 | 1,588,58 |
| Semèn 6 Dòz k ap vini nan dat 01/18- 01/24 | 250,400 | 462,395 | 712,795 | 2,301,38 |
| Semèn 7 Dòz k ap vini nan dat 01/25 - 01/31 | 260,150 | 239,525 | 499,675 | 2,801,05 |
| Semèn 8 Dòz k ap vini nan dat 02/01 - 02/07 | 321,850 | 220,720 | 542,570 | 3,343,62 |
| Semèn 9 Dòz k ap vini nan dat 02/8 - 02/14 | 320,000 | 244,500 | 564,500 | 3,908,12 |
| Semèn 10 Dòz k ap vini nan dat 2/15 - 2/21 | 356,990 | 265,525 | 622,515 | 4,530,64 |
| Semèn 11 Dòz k ap vini nan dat 2/22 - 2/28 | 393,530 | 305,780 | 699,310 | 5,229,95 |
| Semèn 12 Dòz k ap vini nan dat 03/01 - 03/07 | 1,020,660 | 290,500 | 1,311,160 | 6,541,11 |
| Semèn 13 Dòz k ap vini nan dat 03/08 - 03/14 | 618,880 | 526,415 | 1,145,295 | 7,686,40 |
| Semèn 14 Dòz k ap vini nan dat 03/15 - 3/21 | 699,790 | 584,775 | 1,284,565 | 8,970,97 |
| Semèn 15 Dòz k ap vini nan dat 03/22 - 3/28 | 828,000 | 737,080 | 1,565,080 | 10,536,0 |
| Semèn 16 Dòz k ap vini nan dat 03/29 - 04/04 | 819,800 | 569,905 | 1,389,705 | 11,925,7 |
| Semèn 17 Dòz k ap vini nan dat 04/05 - 04/12 | 1,068,455 | 658,770 | 1,727,225 | 13,652,9 |

| | | | | |
|---|---------|---------|-----------|----------|
| Semèn 18 Dòz k ap vini nan dat 04/12 - 04/18 | 763,825 | 774,825 | 1,538,650 | 15,191,6 |
| Semèn 19 Dòz k ap vini nan dat 04/12 - 04/18 | 738,340 | 507,620 | 1,245,960 | 16,437,5 |
| Semèn 20 Dòz k ap vini nan dat 04/19 - 05/02 | 757,005 | 662,790 | 1,419,795 | 17,857,3 |

[Tablodbò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodbò a pou reflète mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon Eta a.

Nouyòkè ki sispèk fwod nan pwosesis distribisyon vaksen an ka rele nan 833-VAX-SCAM (833-829-7226) oswa voye imèl bay Depatman Sante a nan STOPVAXFRAUD@health.ny.gov. Anplwaye liy ijans yo ap achemine plent yo bay ajans envestigasyon ki apwopriye yo pou asire ke Nouyòkè yo pwofite de travay Eta a pou vaksinen tout popilasyon ki elijib a.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)